



Pou Piblikasyon Imedya: 08/06/2022

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

## GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE ENVESTISMAN 46 MILYON DOLA POU PWOJÈ AMELYORASYON PAVE SOU NYS THRUWAY NAN REJYON LWÈS NEW YORK

*De Pwojè enkli refè sifas plis pase 161 km liy nan Konte Genesee ak Erie*

*Nouvo sifas pou kondwi pral benefisyé plis pase 14.6 milyon otomobilis ki vwayaje nan seksyon sa a sou Thruway la chak ane*

*Pwojè yo prevwa fini an 2023*

Gouvènè Kathy Hochul te anonse jodi a yon envestisman 46 milyon dola pou de pwojè amelyorasyon pave sou Thruway Eta New York (I-90) nan konte Erie ak Genesee. De pwojè yo gen ladan refè sifas plis pase 161 km liy Thruway ant sòti 47 (Rochester - LeRoy - I-490 - NY Route 19) rive odela sòti 48A (Pembroke - Medina - NY Route 77).

"New York ap envesti plizyè milya dola nan rekonstwi ak amelyore wout, pon, ak lòt enfrastrikti pou asire sistèm transpò nou yo an sekirite ak fyab pou jenerasyon k ap vini yo", **Gouvènè Hochul te deklare.** "Kòm pòtay ki rive nan Rejyon Lwès New York la, seksyon 42 sa a se yon koridò vital pou vwayajè, touris, ak trafik komèsyal epi li se yon motè pou ekonomi lokal yo. New York ap rebati pi fò apre pandemi an epi li ofri yon enfrastrikti modèn 21èm syèk ke Nouyòkè yo ak envite nasyonal ak entènasyonal yo merite."

**Direktè Egzekitif Otorite Thruway la, Matthew J. Driscoll, te deklare,** "Otorite Thruway la ap re-envesti dola peyaj kontinyèlman ak estratejikman pou amelyore sekirite, fyabilite, ak amelyore wout ak pon yo pou kreye yon atè transpò modèn. De pwojè sa yo ki totalize 46 milyon dola se jis yon pati nan plis pase 397 milyon dola Thruway pral bay pou pwojè nan tout eta a ane sa a sèlman."

**Senatè Eta Ed Rath te deklare,** "Envestisman nan enfrastrikti nou yo ak wout yo empòtan anpil Ak ivè difisil nou yo, wout Nò Eta nou yo souvan bezwen reparasyon. De pwojè sa yo pral anpil amelyore yon gwo twonson nan I-90 ke anpil nan nou itilize souvan. Mwen kontan wè envestisman sa a ap fèt nan wout lokal nou yo."

**Manm Asanble Lejislativ la, Steve Hawley, te deklare,** "Ekonomi nou an ap pase sou wout nou yo, kidonk li se yon gwo devlopman pou wout empòtan sa yo vin pi an sekirite

ak pi efikas pou vwayaje gras ak pwojè refè sifas sa yo. Amelyorasyon segman otowout sa yo nan Konte Genesee ak Konte Erie pral sètènman ede fè kominate nou yo kote ki pi an sekrite pou viv ak travay pou tout moun ki itilize yo pou yo jwi tout sa yo genyen pou yo ofri."

Yon pwojè amelyorasyon pave 23.4 milyon dola sou Thruway (I-90) nan Konte Genesee ap kòmanse sou yon twonson 25 km ant sòti 47 (Rochester - LeRoy - I-490 - NY Route 19) pou rive sòti 48 (Batavia - NY Route 98). Gen apeprè 39,000 otomobilis vwayaje sou seksyon I-90 sa a chak jou.

Pwojè a gen ladan reparasyon an pwofondè total ak pasyèl nan ansanm ak refè sifas pave konplè. Anplis de sa, travay refè sifas pave a pral fèt nan ranp desann ak monte nan sòti 47 ak sòti 48, ansanm ak sòti 47 nan espas estasyònman Commuter Park and Ride. Yo pral aplike makaj liy reflektif pou plis sekrite tou.

Se Cold Spring Construction Company nan Akron, NY ki kontraktè pou pwojè a. Travay yo prevwa fini nan sezon ete 2023

Yon pwojè amelyorasyon pave 22.9 milyon dola sou I-90 nan Konte Genesee ak Erie nan toude direksyon yo pwograme pou kòmanse mwa sa a sou yon detire 17 km ant sòti 48 (Batavia - NY Route 98) pou rive odela sòti 48A (Pembroke - Medina - NY Route 77). Gen apeprè 40,000 otomobilis vwayaje sou seksyon I-90 sa a chak jou.

Pwojè a gen ladan reparasyon an pwofondè konplè ak refè sifas sou I-90 nan toude direksyon yo enkli ranp yo nan sòti 48A. Yo pral fè amelyorasyon degajman vètikal yo tou sou I-90 nan bòn kilometrik 397.67 direksyon lès.

Se Oakgrove Construction nan Elma, NY ki kontraktè pwojè a. Yo prevwa konstriksyon an ap fini nan otòn 2023.

Chofè yo ka rankontre chanjman liy ak liy fèmti pandan konstriksyon an. Pano Mesaj Varyab pral avize otomobilis yo sou travay konstriksyon an. Travay la depann de si l ap fè bontan epi kapab gen chanjman.

Vwayajè yo ka vizite [thruway.ny.gov](http://thruway.ny.gov), telechaje [aplikasyon mobil gratis](#) Otorite Twotwa a epi enskri pou [TRANSAlerts](#) pou enfòmasyon sikilasyon ak mizajou sou sikilasyon an tan reyèl

###